



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON SERI KONSÈ WATER MUSIC NY, AVÈK SENFONI ALBANY (ALBANY SYMPHONY)

*Y ap Devwale Sèt Premyè Mondyal pandan Sèt Nuit nan Kominote toutolon Erie Canal, nan kad Selebrasyon Bisantnè Erie Canal nan Eta New York*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse *Water Music NY*, yon evènman sèt jou avèk Senfoni Albany an, k ap fèt toutolon Erie Canal pour selebre bisantnè kannal la. Senfoni Albany an pral pèfòme sèt premyè mondyal soti 2 Jiyè rive 8 Jiyè nan kad yon evènman san parèy nan plizyè rejyon, ki pral mete aksan sou kominote vibran, sou nouvo talan atistik, epitou sou fòs boza yo.

“N ap komemore bisantnè Erie Canal pou onore moun ki te ede konstui kannal la ak tout kominote li travèse”, **Gouvènè Cuomo te di.** “Ete sa a, moun New York ak vizitè yo ka selebre 200<sup>tyèm</sup> anivèsè kannal la avèk pèfòmans Senfoni Albany an, epitou plonje nan kilti a ak istwa kannal la, soti Albany rive Lockport.”

Konsè yo ap gratis e y ap fèt abò yon chalan oswa sou bò kannal la. Yo pral jwe mòso moun pa janm tandè anvan; se nouvo konpozitè ki ekri mòso sa yo. Chak grenn nan sèt konpozitè sa yo te pase tan nan kominote k ap resevwa yo a; yo te kolabore avèk atis lokal ak moun ki abite zòn nan pou konprann koneksyon san parèy vil la genyen avèk kannal la. Anplis de sa, Senfoni Albany ak Canal Corporation Eta New York pral travay sere sere ak rezidan yo pou selebre resous kiltirèl, manje, bwason ak aktivite ki genyen nan chak kominote, pou met aksan sou pwodui yo ak opòtinite touristik ki sou wout toutolon kannal la.

Seri konsè Water Music NY la jwenn bourad grasa yon sibvansyon Market NY prèske 300,000 dola ki soti nan Divizyon Touris Empire State Development, sou rekòmandasyon Konsèy Devlopman Ekonomik Capital Region (Capital Region Economic Development Council). Senfoni Albany te travay kole kole tou avèk Konsèy sou Atizay Eta New York (New York State Council on the Arts, NYSCA).

Bisantnè Erie Canal la tonbe pandan trisantrè “Water Music” [George Frideric Handel](#), yon mòso yon òkès te jwe premye fwa sou River Thames nan vil Lonn. Pou selebre gwo moman sa a nan listwa mizik, Senfoni Albany an pral jwe senten pati “Water Music” chak swa pandan seri konsè sa a, anplis mòso orijinal yo ak lòt mòso ki pami sa

Ameriken pi renmen.

**David Alan Miller, Direktè Mizik Senfoni Albany an, di konsa,** “Grasa yon kolaborasyon eksepsyonèl ant mizisyen, konpozitè, ak plizyè kominote, *Water Music NY* pral yon kokennchenn selebrasyon Eta New York, Erie Canal, ak kominote vanyan ki toutolon li yo. Bisantnè Kannal la ba nou opòtinite pou klere yon limyè sou kominote manyifik sa yo atravè kreyasyon nouvo atizay ki selebre richès istwa pataje nou an.”

**Marisa Eisemann, MD, Prezidan Komisyon Konsèy Direktè Senfoni Albany, di konsa,** “Senfoni Albany fyè pou l travay tèt kole ak patnè kominotè nou yo pou yon selebrasyon san parèy e plen kreyativite Bisantnè Erie Canal ak richès kiltirèl Eta New York gen pou l ofri. Sa a se yon bèl egzanp enpak atizay ak ekonomi kreyatif la genyen pou chofe kominote yo e enterese moun lòt fason.”

Men orè *Water Music NY* la:

**Dimanch 2 Jiyè a 8:00 p.m.: Albany**

Corning Preserve/Jennings Landing Amphitheatre

Konpozitè Daniel Schlosberg (Yale University)

Kolaboratè Atistik: Ansanm Djaz Empire State Youth Orchestra ak Skidmore College Storytellers’ Institute

**Lendi 3 Jiyè a 8:00 p.m.: Schenectady**

Mabee Farm Historic Site

Konpozitè: Annika Socolofsky (Princeton University)

Kolaboratè Atistik: Capital Repertory Theatre

Lòt pèfòmans Schenectady Symphony Orchestra

**Madi 4 Jiyè a 8:00 p.m.: Amsterdam**

Riverlink Park

Konpozitè: Angelica Negrón (The City College of New York)

Kolaboratè Atistik: Mohawk Valley Chorus

**Mèkredi 5 Jiyè a 8:00 p.m.: Little Falls**

Rotary Park – Pèfòmans sou Chalan

Konpozitè: Benjamin Wallace (Yale University)

Kolaboratè Atistik: Mohawk Valley Choral Society

**Jedi 6 Jiyè a 8:00 pm: Baldwinsville**

Paper Mill Island Amphitheatre

Konpozitè: Ryan Chase (Colgate University)

Kolaboratè Atistik: Syracuse Pops Chorus

**Vendredi 7 Jiyè a 8:00 p.m.: Brockport**

Welcome Center – Pèfòmans sou Chalan

Konpozitè: Loren Loiacono (Cornell University)

Kolaboratè Atistik: Golden Eagle String Band  
Pèfòmans adisyonèl pa kowegraf/dansè Eddie Murphy ak  
Mariah Mahoney

**Samdi 8 Jiyè a 8:00 p.m.: Lockport**

“Flight of Five Locks” ki istorik– Pèfòmans sou Chalan  
Konpozitè: David Mallamud

**Direktè Egzekitif Touris Empire State Development, Gavin Landry, te di,**“Grasa Gouvènè Cuomo, tourism nan Eta New York gen pi gwo enpak li janm genyen e li pote travay bay prèske yon milyon moun New York. Lè yo envesti e soutni pwojè Market NY, tankou Water Music NY, sa mennen plis vizitè osen kominote nou yo, sa ranfòse revni taks, e sa pote lajan bay biznis lokal yo. Mwen ankouraje tout moun deplase vin nan konsè san parèy sa yo pandan ete a, epi vin nan Nò New York pandan l ap selebre 200<sup>tyèm</sup> anivèsè Erie Canal.”

**Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te di,**“Mwen pa panse gen yon fason pi natirèl pou nou selebre Bisantnè Erie Canal, pase pote mizik ak majeste Òkès Senfoni Albany (Albany Symphony Orchestra, ASO) an dirèkteman bay kominote nou yo ki bò kannal la, avèk seri konsè sa a. Soti nan Albany (prèske) rive Buffalo, de milye de moun toutolon Erie Canal la pral jwi deprè bèl pwogram inovatè ki se, depi lontan, mak fabrik ASO.”

**Direktè Egzekitif NYSCA, Mara Manus, di konsa,**“Konsèy sou Atizay Eta New York felisite Òkès Senfoni Albany pou ansman Water Music New York. Nou fyè pou nou ankadre eksperyans imèsyon atistik sa yo, ki onore istwa eta nou an, mete aksan sou travay nouvo konpozitè, e ankouraje gwoup atizay lokal kreye yon selebrasyon tèt kole plen imajinasyon pou Bisantnè Erie Canal.”

**Mike Keegan, Egzekitif M&T Bank, di konsa,**“Pwogram Water Music New York la mete ansanm eritaj eta nou an avèk atis ak mizisyen klas mondyal, yon fason san parèy ki sètènman pral yon komemorasyon memorab Selebrasyon Bisantnè Erie Canal la. Antan ke moun k ap ankadre boza depi lontan nan kominote n ap sèvi yo, M&T pa t ka tann pou li ankadre Senfoni Albany an k ap anbake nan yon vwayaj mizikal onò kannal la.”

**Osijè Òkès Senfoni Albany an**

Pou ranpli misyon li, Senfoni Albany jwe, kòmande, e anrejistre travay konpozitè ameriken ki byen etabli oswa ki fèk ap parèt. Fonde an 1930, Senfoni an gen chans pou li sèvi yon odyans rejyonal divès nan plis pase sèt konte nan New York, e nan senten rejyon twa lòt eta. Pwogram pou ane a gen ladan yon seri nèf konsè avèk pèfòmans nan tout Capital Region New York; chak konsè prezante yon konpozisyon klas mondyal yon konpozitè ki vivan; American Music Festival (Festival Mizik Ameriken) ki fèt chak ane sou plizyè jou pou selebre nouvo mizik, ki gen ladan yon pèfòmans nouvo gwoup mizikal Dogs of Desire; yon seri pou Fanmi kote aktè yo kostime e ki enspire nouvo jenerasyon fanatik senfoni; konsè jou ferye ak mizik pòp, an kolaborasyon avèk gwoup

atizay jèn nan zòn nan. Pwogram edikatif prensipal tankou Adopt-a-School ak Meet the Maestro pote mizisyen nan saldeklas pou edikasyon mizik entè-aktif, e Literacy-through-Songwriting, yon pwogram konpozitè-an-rezidans nan lekòl, travay avèk elèv yo sou konpozisyon, narasyon (rakonte istwa), enpwovizasyon, travay annekip ak ekspresyon pèsònèl.

Deseni ki sot pase a te pote yon kwasans dramatik ak siksè pou òkès la. Senfoni Albany te resevwa plis prim ASCAP pase nenpòt ki lòt òkès Ozetazini, pami lèkèl Prim John S. Edwards pou Pi Gwo Angajman anvè Nouvo Mizik Ameriken (John S. Edwards Award for Strongest Commitment to New American Music) an 2013 ak 2014. Angajman òkès la pran anvè anrejistreman te lakòz de nominasyon GRAMMY® e yon GRAMMY® Award an 2014 pou anrejistreman “Conjurer” John Corigliano. Senfoni Albany, se te sèl òkès yo te envite vin jwe an de fwa nan festival Spring for Music nan Carnegie Hall, e nan mwa jen 2016, John F. Kennedy Center for the Performing Arts ak Washington Performing Arts te anonse yo te chwazi Senfoni Albany pou patisipe an avril 2018 nan “SHIFT: A Festival of American Orchestras” k ap mete aksan pandan yon semèn sou òkès ki pi dinamik an Amerik Dinò.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418